



Pou Piblikasyon Imedya: 25/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

PANDAN SEMÈN KLIMA A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI SANT EDIKASYON ENÈJI & LANATI NAN PAK ETA JONES BEACH

Patenarya avèk LIPA, NYSERDA, ak NYPA kreye yon etablisman edikasyon modèn pou Pak Eta ke yo pi vizite nan Long Island lan

Etablisman avanse konpreyansyon nan entèraksyon ki genyen ant aksyon imen, itilizasyon enèji, ak konsèvasyon anviwònman an

Pwojè a ap Kontinye Revitalizasyon Global k ap fèt nan Pak Eta Istorik Jones Beach la

Foto yo disponib [isit la](#)

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ouvèti Sant Enèji & Lanati Jones Beach (Jones Beach Energy & Nature Center). Sant lan ouvri pandan Semèn Klima a epi li pral edike epi enfòmè piblik la sou kijan enèji bay sistèm natirèl New York yo fòm, ak kijan yo ka eksplwate menm enèji sa a pou avanse plan pou konbat chanjman klima New York la k'ap mennen an. Etabli pa Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) - an patenarya avèk Otorite Enèji Long Island (Long Island Power Authority, LIPA), Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), ak Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) la - etablisman pyonye a pral ede vizitè yo ki nan tout kategori laj vin pi bon jesyonè anviwònman an ak konsomatè enèji entelijan.

"Sant Enèji & Lanati Jones Beach la enkòpore lidèchip Eta New York nan pwoteje anviwònman an ak pwomote enèji renouvlab", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Abitan Long Island yo konnen pèsònèlman ki jan efè devastatè nan chanjman nan klima ak move tan ekstrèm yo ap afekte lavi nou sou yon baz chak jou epi Sant sa a pral ekipe vizitè yo ak konesans pou yo rantre nan batay kont chanjman klima a ak pwoteje anviwònman nou an pou jenerasyon k'ap vini yo."

Pou pwemye fwa anndan la sistèm Pak Eta New York, sant edikasyon anviwònmantal inik sa a espesyalman adrese wòl konsomasyon enèji imen nan bay peyizaj natirèl la fòm li. Avèk sous enèji renouvlab sou plas ak eleman achitektirèl ki reponn sou plan anviwònmantal, sant lan modle itilizasyon enèji nèt zewo ak konsepsyon ki adaptif ak rezilyan. Diznèf ekspozisyon enteryè ak 13 ekspozisyon eksteryè ini konesans syantifik

ki pi resan ak grafik dinamik ki aksesib, videyo, ak jwèt entè-aktif pou montre kijan vizitè yo ka aji pou konsève enèji ak pwoteje anviwònman an nan pwòp vi yo.

Vizitè yo nan Sant lan pral kapab eksplòre:

- Enstalasyon eksteryè, ki aktive peyizaj kotyè a. Sa yo enkli yon salklas eksteryè, tèren jwèt sansoryèl, jaden polinizatè, ak santye "Fauna Footprints" pou mete aksan sou gran varyete espès bèt ke plaj la ebèje.
- Sal Dakèy la ak Galri Sid la, ki plonje vizitè yo nan enfrastrikti enèji rejyonal ak devlopman fizik nan Long Island ak Jones Beach avèk letan.
- Galri Lès la, ki envestige "Pouvwa Lanati" (The Power of Nature) nan sistèm ekolojik ak wòl efò konsèvasyon nan sipòte peyizaj kotyè ki rezilyan yo. Galri sa a gen ladan ekspozisyon nan ekosistèm yo nan Jones Beach ak oseyan an ki antoure li a, ansanm ak efò restorasyon aktèl yo tankou netwayaj plastik ak konstriksyon resif atifisyèl.
- Galri Lwès la, ki konsantre sou "Nati Enèji a" (The Nature of Energy) ak transfòmasyon sous enèji natirèl yo an enèji pou itilizasyon imen. Yo reprezante yon egzanp nan yon ekspozisyon ki souliyan ki jan vitès van ak lòt faktè afekte pwodiksyon enèji pa tibin ewolyèn yo. Yon aspè inik nan Sant lan se pwoksimite li nan youn nan premye pwojè enèji ewolyèn nan kòt Eta a, pwojè Empire Wind lan, sitiye apeprè a 18 mil sou kòt Jones Beach la. Sa a pozisyon etablisman an pou edike piblik la sou pwojè sa a, ak enèji ewolyèn jeneralman nan kòt yo, nan kenbe vizitè yo enfòmè pandan tout faz devlopman pwojè sa a. Yon ekspozisyon sou kay efikasite enèji demontre ki jan konsomatè yo ka jere konsomasyon enèji nan pwòp kay yo, pandan ke lòt ekspozisyon yo mete aksan sou teknoloji enèji dirab ak enpak move tan ekstrèm sou sistèm enèji a.

Konsewa antanke yon enkibatè pou lidèchip anviwònman alavni, Sant lan te fèt nan estanda ki pi wo nan akssibilite ak enklizivite, ki soti nan achitekti batiman pou rive nan konsepsyon ekspozisyon. Galri yo prezante tradiksyon tèks Espanyòl ak Bray, ansanm ak eleman taktil ki angaje vizitè yo ki gen divès kalite laj ak kapasite. Avèk sipò jenere Fondasyon Kominotè Long Island (Long Island Community Foundation), yon seri gid odyo nan lang Anglè, Espanyòl, Chinwa, ak Lang Siy Ameriken ki gratis epi enklizif disponib atravè aplikasyon entènèt nan Sant lan.

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare, "Jones Beach se yon sit ideyal pou edikasyon ak refleksyon sou pouvwa lanati. Soti nan enèji solèy la, van, ak vag yo, rive nan enfrastrikti enèji, enjenyeri nan zòn kòt la ak konsèvasyon ekolojik, Jones Beach se yon salklas enkwayab ki ka mete aksan sou fòs ki bay peyizaj kotyè ak anviwònman an fòm. Mwen trè rekonesan anvè Gouvènè Cuomo, Otorite Enèji Long Island ak tout patnè nou yo paske yo ede pote yon etablisman edikasyon modèn ki nesèsè anpil nan youn nan pak eta New York ke yo pi vizite".

Direktè Egzekitif Jeneral LIPA a Thomas Falcone te deklare, "Sant Enèji ak Lanati Jones Beach la se yon lòt kokenn adisyon nan Pak Eta Jones Beach (Jones Beach State Park) la ak yon resous edikatif pou fanmi yo, biznis yo, etidyan yo, ak konsomatè

yo pou yo aprann sou ki jan enèji pwodui ak chwa yo ka fè pou diminye bòdwo elektrik yo epi ede anviwònman an. LIPA fyè dèske li fè pati etablisman sa a ke vizitè yo ap jwi pou dè deseni k'ap vini yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo pou lidèchip li ak investisman kontinyèl li nan Long Island ak Jones Beach".

Pwojè 32.8 milyon dola an te rann posib gras ak sipò LIPA, NYSERDA, NYPA, Fondasyon Rauch, Fondasyon Kominotè Long Island, Open Space Institute, ak SUEZ North America ansanm ak endividi prive. Ekspozisyon yo te devlope an konsiltasyon avèk patnè yo nan Hofstra University, Brookhaven National Laboratory, South Shore Estuary Reserve, Seatuck Environmental Association, Konsèvasyon Lanati (The Nature Conservancy), Shinnecock Nation ak lòt òganizasyon. Anpil nan patenarya sa yo ap kontinye atravè pwogram ak evènman piblik, ak yon pwogram estaj ki pral founi yon imans pratik nan edikasyon anviwòmantal piblik bay etidyan Hofstra University yo.

Doreen M. Harris, Prezidan Pwovizwa ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare, "Ouvèti lansman sant enèji ak lanati sa a ofri yon opòtinite pou alafwa abitan Long Island yo ak vizitè yo pou aprann sou benefis enèji renouvlab yo, tankou enèji ewolyèn nan zòn kot yo ka pote nan Eta New York ak nan anviwònman nou an. NYSERDA fyè pou l asosye avèk ajans sè nou yo pou rann pwojè sa a vin yon reyalyte nan kad plan Gouvènè Cuomo pou konbat chanjman klima a".

Gil Quiniones, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYPA, te deklare, "Nouvo lasant nati a dedye pou edike vizitè yo sou itilizasyon enèji avèk sajès ak pwoteje anviwònman an pou New York fè pwogrè nan bati yon ekonomi enèji pwòp. NYPA te fyè pou founi 3 milyon nan sipò finansman pou pwojè enpòtan sa a se mèveye pou ke nou kapab selebre kounye a nouvo sant lan pandan Semèn Klima a".

Kim Elliman, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Open Space Institute, te deklare, "Òf edikatif yo ak egzibisyon entèpretatif nan nouvo Sant Vizitè Jones Beach lan pral bay opòtinite enpòtan pou fanmi yo ak moun yo pou aprann sou lanati ak anviwònman an ki enpòtan sitou jodi a, menm jan yo ka wè efè chanjman klima ap ravaje kote nou pi renmen yo. Edikasyon se yon zouti enpòtan nan batay kont chanjman klima epi OSI fyè dèske li sipòte pwojè sa a ki gen anpil valè ki pral ede edike lespri jèn yo ak raple nou tout pou nou vijilan nan diminye enpak nou yo sou planèt la".

Senatè John E. Brooks te deklare, "Mwen fyè pou mwen sipòte tout efò NYS pou bay piblik la resous edikatif sou konsyantizasyon anviwònman, konsomasyon enèji entelijan, ak enèji renouvlab. Sant sa a pral sèvi kòm yon gwo opòtinite pou enkilke kalite lidèchip anviwòmantal nan pwochen jenerasyon nou an atravè ekspozisyon ak pwogram edikatif ak entè-aktif yo. Kòm toujou, li rete enpòtan pou nou vize nan direksyon yon avni alontèm nan eta nou an ak sipò inisyativ ki diminye chanjman klima a ak retabli anviwònman natirèl yo. Mwen ap tann ak enpasyans pou wè kominote nou yo jwi nouvo destinasyon sa a ak edikasyon anviwòmantal entè-aktif li pral ofri a".

Manm Asanble, David G. McDonough, te deklare, "Mwen vle felisite Gouvènè Cuomo ak efò konbine LIPA, NYSERDA, NYPA ak Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon

Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) Eta New York nan ouvèti Sant Edikasyon Enèji ak Lanati Pak Eta Jones Beach. Sant sa a pral ankouraje dè milye vizitè nan pak la pou yo vin pi bon jesyonè latè ak dekouvri nouvo fason pou konsève enèji. Mwen ap tann ak enpasyans pou wè efè chanjman anviwòmantal dirab sa yo".

Manm Asanble Lejislativ la, Steve Englebright, di, "Nouvo Sant Enèji ak Lanati Pak Eta Jones Beach la pral ofri opòtinite pou prezante vizitè yo konsèp enpòtan anviwòmantal ak enèjetik. Lè moun yo konprann relasyon nou ak anviwòmman an yo vin pi bon jesyonè ak pwoteksyon mond natirèl la. Mwen vle felisite Depatman Pak Eta New York (New York State Parks Department) ak tout patnè li yo nan rann pwojè sa a vin yon reyalyte".

Chèf Egzekitif Konte Nassau a, Laura Curran te deklare, "Konte Nassau ap trase chemen pou konbat chanjman klima e nou pran angajman pou nou anbrase enèji pwòp ak pwojè vèt ki ede pwoteje anviwòmman presye nou an. Semèn Klima ane sa a vini nan yon moman kote pwoblèm klima yo vini kòm premye plan nan lespri nou- ak dife k'ap ravaje nan lwès la ak sezon siklòn ki pi aktif nan istwa, li klè ke moman rive pou deplwaye Sant Enèji ak Lanati a nan Jones Beach. Mwen bat bravo pou Eta New York ak tout patnè li yo nan efò sa a. Mwen ankouraje tout rezidan ak vizitè nou yo nan Jones Beach pou vizite sant la epi aprann kijan enèji Long Island lan pral itilize ak transfòmè pou avanse objektif enèji istorik nou yo ki pral prezève lè pwòp nou yo, vwa navigab yo, ak abita natirèl pou jenerasyon kap vini yo".

Etablisman an pral ouvri chak jou soti 9 a.m. rive 8 p.m. nan jedi ak samdi, ak 9 a.m. rive 5 p.m. nan rès semèn nan. Pou enfòmasyon sou pwogram ak evènman yo, vizite www.jonesbeachenc.org; sou Facebook: Sant Enèji ak Lanati Jones Beach ak Instagram: @JonesBeachENC.

Akòz kriz sante piblik kontinyèl Covid-19 la, yo pral limite antre nan batiman a 25% kapasite li, ak vizitè yo pral oblije mete kouvèti vizaj ak pratike distans sosyal. Dezenfektan men ak mask yo pral disponib sou sit la. Pandan tan sa a, teren vast yo ak ekspozisyon eksteryè yo se yon resous esansyèl pou edikasyon ak lwazi anviwòmantal anplennè ki san danje, epi ki distanse.

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) la sipèvize plis pase 250 pak endividyèl, sit istorik, santye rekreatif ak lansman bato, ke yon kantite rekò 77 milyon moun te vizite an 2019. Resaman, yon etid inivèsite te jwenn ke depans State Parks yo ak vizitè yo fè rapòte 5 milya dola nan pwodiksyon ak lavant, sipòte 54,000 djòb nan sektè prive an, epi plis pase 2.8 milya dola anplis pou PEB (an kreyòl, Pwodwi Enteryè Brit) Eta a. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite www.parks.ny.gov, telechaje [aplikasyon mobil NY State Parks Explorer](#) la gratis oswa rele nan 518.474.0456. Epitou, konekte avèk nou sou [Facebook](#), [Instagram](#) ak [Twitter](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)